



# Reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard

Southline Boston ak Vityèl sou Zoom  
28 novanm 2023



# Kontwòl Zoom



- Meni dwoulan pou tcheke mikwo ak entèvenan yo



- Poze yon kesyon ak pataje yon kòmantè



- Leve men w



- Si w pa kapab jwenn aksè ak entènèt oswa w genyen pwoblèm teknik, tanpri rele nan reyinyon an nan 305-224-1968, Idantifikasyon Wèbinè: 863 9584 5857



Si w genyen difikilte ak reyinyon teknoloji pandan prezantasyon an, tanpri rele:

1-888-799-9666

**Soutitraj ke Zoom jenere otomatikman**



Unmute



Start Video



Q&A



Raise Hand



Interpretation

Leave

# Nòt ak Pwosedì Reyinyon an



## Notifikasyon anrejistreman

- Reyinyon vityèl piblik sa a pral anrejistre. Depatman Transpò Massachusetts gendwa chwazi kenbe ak distribye videyo a, imaji fiks, odyo, ak/oswa transkripsyon tchat la.
- Lè w kontinye asiste reyinyon piblik vityèl sa a, ou dakò patisipe nan yon evènman ki anrejistre.
- Y ap konsidere tout anrejistreman nan transkripsyon tchat la kòm dosye piblik.
- Si w pa alèz pou yo anrejistre w, tanpri fèmen kamera w, kite mikwo w fèmen, epi pa tchat nan transkripsyon tchat la. Osinon, ou gendwa chwazi pou w soti poukont ou nan reyinyon an.

## Nòt enpòtan:

- Mikwo ak kamera w dezaktive otomatikman w antre nan reyinyon an.
- Reyinyon pral ouvè pou kesyon ak repons nan fen prezantasyon an.

**N ap apresye tout kesyon ak kòmantè, sepandan n ap mande pou w pa fè ankenn kòmantè ki deplase.**

# Ajanda



- **Rele pou Kòmande**
- **Entwodiksyon Manm Komisyon yo**
- **Prezantasyon sou Etid**
  - Enfòmasyon Jeneral
  - Kondisyon Aktyèl
  - Metòd Konsepsyon
  - Sansibilizasyon Piblik Planifye
  - Pwogramasyon ak Pwochèn Etap
- **Ouvri Espas la pou Diskisyon pami Manm Komisyon an**
- **Peryòd Kòmantè Piblik**

# Entwodiksyon Komisyon an



University of Massachusetts  
**Building Authority**

# Komisyon Morrissey Boulevard

- **Manm:**

- Sena Eta Massachusetts, 1st Suffolk
- Chanm Depite Massachusetts, 4th Suffolk
- Chanm Depite Massachusetts, 13th Suffolk
- Depatman Transpò Massachusetts(MassDOT)
- Biwo Egzekitif Massachusetts Zafè Anviwònman (Executive Office of Environmental Affairs (EEA)).
- Biwo Majistra Vil Boston
- Konsèy Vil Boston, Distri 3
- Ajans Boston pou Planifikasyon ak Devlopman
- University of Massachusetts Building Authority

- **Deliverables:**

- Amelyorasyon transpò ak enfrastrikti ke yo rekòmande
- Yon plan konplè koridò a
- Investisman koutèm

# Objektif Komisyon an



Amelyore mobilite pou pyeton, itilizatè trafik, siklis, ak chofè moto



Ranfòse rezilyans klimatik nan seksyon Dorchester vil Boston an ansanm ak seksyon Morrisey Boulevard nan vil la




Devlope yon plan konplè ak konsèp altènatif pou koridò Morrisey Boulevard



Idantifye ti investisman koutèm pou amelyore mobilite pou pyeton, itilizatè trafik, siklis, chofè moto ansanm ak koridò Morrisey Boulevard la

# Entwodiksyon Ekip Etid Ia



Ajans




Ekip Konsiltan



# Prezantasyon sou Etid

# Enfòmasyon Jeneral – Kontèks Planifikasyon ak Devlopman

1. **Konsepsyon 2017 Depatman Konsèvasyon ak Konsepsyon (Department of Conservation and Recreation)**
2. **MassDOT Kosciuszko Circle/Columbia Road/I-93 Interchange project**
3. **Depatman Transpò Boston (Boston Transportation Department, BTD) JFK/UMass Station Access Study**
4. **Climate Ready Boston/Climate Ready Dorchester**
5. **Ranplasman Pon Pèl MassDOT a**



# Poukisa Li Refè Konsepsyon an Kounye a?





## Efò ki te fèt Anvan

- Konsepsyon DCR 2017
- Climate Ready Dorchester

## Kounye a L ap Reponn:

- Patisipan Kominotè
- Devlòpman



# Enfòmasyon Jeneral – Devlopman Enpòtan



- Pwojè Atik 80 Vil Boston ki Pwojte sou zòn etid la
- Pwojè devlopman Dorchester Bay City
- Devlopman itilizasyon miks majè sou Columbia Point



Pwojè devlopman Dorchester Bay City

# Gwosè Etid la



**Devlope ak analize altènatif**



**Kowòdone ak Komisyon**



**Fè konspepsyon an avanse tounen pwojè devlopman**



**Avanse objektif Climate Ready Boston, Go Boston 2030 epi konstwi apati Konsepsyon DCR 2017 la.**

# Seksyon Etid Koridò



● Zòn etid la anviwon 3.5 mil epi li divize an 3 zòn diferan

● Zòn Nò la pwolonje soti nan Preble Circle rive UMass Boston

● Zòn Santral la kontinye apati Bianculli Bouleverad rive Freeport Street

● Zòn Sid la pwolonje soti nan Freeport Street rive Neponset Circle

# Kondisyon Aktyèl sou Morrissey Boulevard



1. Konjesyon sikilasyon enpòtan
2. Nivo Gwo Aksidan
3. Pa gen anpil etablisman pou monte bisiklèt ak mache san danje, menm lè genyen gwo demann pou mache ak monte bisiklèt
4. Risk aktyèl epi k ap ogmante apati gwo lapli ki konpoze ak nivo lanmè



# Kondisyon Aktyèl sou Morrissey Boulevard



5. Vilnerablite ki gen **rapò ak chalè** enpak chanjman klimatik
6. Fèb koneksyon lès ak lwès ant Boston Harbor ak kominote enteryè yo
7. Plizyè kominote **environmental justice (EJ)** epi ki depann de transpò
8. **Sit kwasans enpòtan apati gwo** devlopman, ak bezwen pou kowòdone ak lòt pwojè



# Objektif pou Metòd Konsepsyon



## MOBILITE KORIDÒ

Èske sekirite ak konektivite rezo sikilasyon pou veyikil, pyeton ak bisiklèt te amelyore? Èske koneksyon ki genyen ant pyeton yo ak bòdmè a ranfòse, epi/oswa èske genyen lòt opòtinite aksè ak bòdmè a disponib?



## REZILYANS AK EKOLOJI

Èske risk inondasyon yo redui nan fason efikas sou koutèm ak lontèm? Èske nou te idantifye opòtinite pou amelyore kot plaj ekolojik epi enkòpore yo nan metòd rezilyans lan?



## KREYASYON ESPAS



Èske enpak vizyèl ak sikilasyon sistèm baryè inondasyon minimize, èske genyen lòt opòtinite bòdmè ki enkòpore nan metòd la? Èske metòd kreyasyon espas la entegre ak plan ansanm ak devlopman ki nan antouraj la epi pote avantaj pou kominote ki nan anviwònman an?



## NIVO LI KA KONSTWI

Èske metòd la minimize kompleksite, depans, ak enpak pwosesis pèmi/òre konstwiksyon an? Nan ki nivo egzijans operasyon ak antretyen yo enpòtan?


# Zòn Santral: Redui Separasyon yo



# Zòn Santral: Paramèt Konsepsyon Rezilyans



Konsepsyon  
2070  
Elevasyon  
Inondasyon



Egzanp Lokalite: Nò Bianculli Boulevard



Imaj la pa pou  
echèl, li la pou  
rezon ilistrasyon  
sèlman



## Zòn Nò ak Sid: Metòd Konsepsyon

### Kreyasyon espas

- Entegrasyon eleman konsepsyon domèn piblik ki ka amelyore konektivite, sekirite, ak konfò



## Zòn Nò ak Sid: Metòd Konsepsyon

### Enfrastrikti

- Entegrasyon enfrastrikti pou diminye inondasyon nan domèn piblik pou ranmase lavalas dlo lapli epi amelyore ekoloji ak konektivite.



## Zòn Nò ak Sid: Metòd Konsepsyon

### Mitigasyon Anviwònmantal

- Ogmante espas vèt pou diminye efè chalè zile, amelyore konfò ak kalite lè, epi ede nan jesyon lavalas dlo lapli.

# Sansibilizasyon Piblik Planifye



- **Sondaj piblik** nan etap enpòtan yo
- **Materyèl dijital ak entèraktif** fèt espesyalman pou angaje ak enfòmasyon moun sou efò, altènatif ak enpak
- Aktivite sansibilizasyon **pou ogmante patisipasyon granmoun aje, kominote moun ki genyen andikap, ak kominote Environmental Justice (EJ) a**
- **Asire aksè lang**, an konfòmite ak MassDOT's ak egzijans Title VI
- **Lis imèl ak angajman sou platfòm rezo sosyo**
- **Paj Wèb:** <https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study>
  - Pral kreye yon Komisyon ribrik pou piblikasyon sou wèb



Kòd QR Sitwèb la





# Pwochè Etap

## Reyinyon Komisyon #2 – Ivè 2023/24

- Devlope ak prezante altènatif detaye
- Diskite Kritè Evalyasyon
- Rasanble fidbak sou devlopman ak analiz altènatif



# **Diskisyon Komisyon an**



# **Peryòd Kòmantè Piblik**

# Pataje Kesyon ak Kòmantè w yo: Pwosesis Reyinyon Ibrid

- Moderatè ki an pèsòn ak Vityèl yo pral travay ansanm pou asire ke patisipan nan tou de espas yo ka pataje kesyon ak kòmantè
- Moderatè yo pral pran kèlke kòmantè alafwa nan yon espas epi pase nan peryòd kòmantè piblik la
- Si plizyè moun poze menm kesyon an, moderatè yo ap mete piblik la okouran konbyen moun ki poze menm kesyon an epi l ap reponn ni yon sèl fwa.

**Tanpri konnen ke tout Kesyon Repons ak kòmantè pral pibliye nan achiv piblik, nan ka sa a tanpri sèvi ak fonksyon sa yo pou biznis apwopriye yo sèlman**



# Kijan pou w Kontakte Nou

**Soumèt kòmantè ekri bay:**

Attention: Office of Transportation Planning  
10 Park Plaza, Suite 4150  
Boston, MA 02116

**Soumèt kòmantè imèl bay:**

[planning@dot.state.ma.us](mailto:planning@dot.state.ma.us)

**Pou enfòmasyon pwojè a, tanpri vizite sitwèb etid la sou:**

<https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study> oswa kòd QR



Kòd QR  
Sitwèb la

A wide-angle photograph of a paved walkway along a waterfront. The walkway is bordered by a concrete wall with a chain-link fence. In the background, there are modern buildings and a clear blue sky. The text 'Mèsi!' is overlaid in the center.

**Mèsi!**